

# KI KOTE POU JWENN ÈD

Rezo defansè imigrasyon: [www.immigrationadvocates.org](http://www.immigrationadvocates.org)

Asosyasyon avoka imigrasyon ameriken: [www.aialawyer.com](http://www.aialawyer.com)

Lis founisè sèvis legal pro bono (Depatman Jistis):  
[www.justice.gov/eoir/file/probonofulllist/dl](http://www.justice.gov/eoir/file/probonofulllist/dl)

Defans azil: <https://asaptogether.org/es>

ICE – Sistèm lokalizatè prizonye sou entènèt:  
<https://locator.ice.gov/odls/#/search>


Dwa moun an premye: <https://readynow.app.link/download>

Liy dirèk èd mityèl : 202-335-1183  
<https://www.dcmigrantmutualaid.org/hotline>



## KISA POU FÈ SI ICE ARETE W

- ★ Rete an silans epi rete kalm.
- ★ Pa pale de sitiyaşyon imigrasyon w oswa siyen anyen.
- ★ Di ou bezwen yon entèprèt.
- ★ Ou gen dwa gen yon avoka menm si ou pa ka peye.
- ★ Ou gen dwa pou yon apèl nan telefòn, men y ap siveye l sof si w ap pale ak yon avoka.



Yon manda ICE (Fòm 1-200) PA bay ICE pèmisyon pou antre lakay ou. Yon manda kriminèl ki siyen pa yon jij KA bay ICE pèmisyon pou antre.

Ou PA oblije reponn kesyon sou:

- ★ Sitiyaşyon imigrasyon ou.
- ★ Kote ou te fèt.
- ★ Kijan ou te antre nan peyi a.



*Pou enfòmasyon sou sa pou w fè si ICE vin lakay ou, nan travay ou, oswa si l kanpe w pandan w ap kondui, ale sou [acluva.org/kyr-dmv](http://acluva.org/kyr-dmv) oubyen eskane la a.*

# PREPARE W POU OPERASYON ICE YO

Deziyen yon gadyen legal ki ka pran swen epi pran desizyon pou pitit ou yo lè w pa la. Aprann nimewo avoka w la pa kè epi pote nimewo avoka w la avèk ou. Fè yon plan epi bay zanmi w oswa fanmi w fè konfyans li avèk:

- ★ Enfòmasyon pèsònè: *non, nimewo sekirite sosyal/ITIN, "nimewo A," kote ou fèt*
- ★ Enfòmasyon pou kontakte: *ontak ijans, avoka, anbasad oswa konsila*
- ★ Enfòmasyon sou fanmi: *moun k ap pran swen timoun yo, doktè, enfòmasyon sou medikaman, alèji/bezwen dyetetik*



## KISA POU W FÈ SI ICE KANPE W

Si ou pa yon sitwayen ameriken, ou ta dwe:

- ★ Rete an silans epi kalm.
- ★ Pa ouvri pòt la oswa kite yo antre.
- ★ Mande yo pou yo montre w yon manda.
- ★ Di "non" lè yo mande w pou yo fouye.
- ★ Ou pa oblije ba yo kat idantite w, otorizasyon travay ou, oswa OKENN papye.
- ★ Pa janm montre fo dokiman oswa bay manti sou lefèt ke ou se yon sitwayen ameriken.

## KONNEN DWA OU LÈ W AP KOMINIKE AVÈK ICE NAN DMV A

*Dwa sa yo PA chanje lè ou travèse fwontyè eta yo.*